

## EVITE "ABSANS" LAN

Yon "absans" se lè:

- Ou pa ale nan espas randevou a
- Ou refize monte nan machin nan lè machin nan rive.
- Ou pa pare lè transpò a rive.

**CHOFÈ A PA KAPAB RETE TANN PLIS  
PASE 5 MINIT. YO PA RELE NAN TELE-  
FÒN, YO PA SÒTI NAN VEYIKIL LA, NI  
YO PA KLAKSONEN.**

"Absans" regilye yo mande pou ou konfime chak vwayaj yon jou davans. Si ou pa konfime, woulib la ap anile.

Si ou genyen twa "absans" yonn dèyè lòt, rès woulib ou yo ki te planifye yo ap anile jiskaske ou kontakte nou nan nimewo (667) 977-1050.

**Si ou konnen ke ou pa kapab respekte yon randevou, kontakte nou o mwen inè a lavans pou ou anile.**

## SÈVIS ANBILANS

Transpò ki pa ijan nan anbilans disponib pou kliyan ki gen nesesite pou yo vwayaje sou branka. Kontakte biwo nou an pou plis enfòmasyon oubyen pou planifye rezècasyon.

## ITILIZE

### TRANSPÒ PIBLIK

Ou sipoze itilize transpò piblik lè ou abite nan yon distans 3/4 miles de yon stasyon bis epi ou pa gen okenn andikap oubyen kondisyon sante ou ki rann ke ou pa kapab itilize transpò piblik.

Shore Transit bay sèvis transpò piblik a trajè fiks nan zòn Wicomico, Somerset avèk Worcester.

**Pou planifye rezèvasyon bis oubyen pou plis enfòmasyon, rele Shore Transit nan (443) 260-2300 oubyen zizite [www.shoretransit.org](http://www.shoretransit.org)**

### **Orè yo kapab chanje**

**Genyen èd ki disponib nan lang ou pale a. Sèvis sa yo disponib gratis.**

**Si posib, ba nou:**

- Non ou
- Bat nesans ou
- Nimewo Telefón ou



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Wicomico County  
Health Department

Yon gid sou

## **TRANSPÒ ASISTANS MEDIKAL**

Nan zòn Wicomico, Maryland



Lendi – Vandredi 8è AM e 430è PM

**(667) 977-1050 Main  
(410) 219-2885 Fax**



**108 East Main Street  
Salisbury, Maryland 21801  
[www.wicomicohealth.org](http://www.wicomicohealth.org)**

## DISPONOBILITE SÈVIS YO

Pa genyen sèvis jou konje yo avèk  
lè genyen move tan.

ESPAS RANDVOU YO	DISPONOBILITE SÈVIS YO	RESTRIKSYON KONSÈNAN RANDVOU YO
Wicomico County (Salisbury, Fruitland & Delmar, MD)	Lendi - Vandredi	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e 5è PM
Rural Wicomico (Pittsville, Hebron, etc)	Lendi - Vandredi	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e 5è PM
Somerset & Worcester (Berlin, Pocomoke, Crisfield)	Madi ak Jedi SÈLMAN	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e 5è PM
Lès - Bay Bridge (Cambridge, Easton, etc)	Madi ak Jedi SÈLMAN	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e 2è PM
Lwès - Bay Bridge (Baltimore, Annapolis, etc)	Lendi - Jedi	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e Midi.
Delaware (Laurel, Wilmington)	Lendi, Mèkredi, Vandredi	Lè randevou yo dwe ant 8è AM e 1è PM



\*Disponibilité apèl yo lè  
genyen move tan\*



**Pwogram sa pa kouvri sèvis  
transpò an ijans.  
Si ou genyen yon ijans,  
rele 911.**

**Transpò pou asistans medikal  
la se yon pwogram pataje e  
planifye. Se Medicaid ki ap  
peye kòm dènye solisyon.**

## KIYÈS KI GEN DWA MONTE?

- Rezidan Wicomico;
- Asistan Medicaid/Medical nan Maryland ki an fonksyon (QMB, SLMB, Moun ki nan Family Planning sèlman & Medicare sèlman PA kalifye)
- Randevou medikal nesesè pou distans ki plis pase 3/4 de yon stasyon bis publik
- Moun ki an chaj swen medikal yo oubyen etablisman medikal la dwe aksepte Medicaid Maryland lan kòm sèvis pèman
- Kliyan an pa kapab PWOPRIYETÈ yon vey-ikil, menm pasyèlman
- Kliyan an pa genyen lòt transpò disponib.

## PLANIFYE YON DEPLASMAN

Tanpri bay:

- Dat, lè, non etablisman/doktè a, kantite tan randevou a ap pran an, epi si yonasitan medikal ap deplase avèk ou.
- Pou vwayaj deyò depatman an: Non doktè a, spesyalite li, avèk nimewo telefòn li

Kilè mwen ka rele pou  
planifye yon deplasman?

**Lendi pou Mèkredi  
Madi pou Jedi  
Mèkredi pou Vandredi  
Jedi pou Lendi  
Vandredi pou Madi**

\*Orè yo varye lè genyen konje\*

Rele Wicomico Medical Transportation nan (667) 977-1050 avan Midi de (2) jou ouvrab a lavans pou ou planifye rezèvasyon.

## Pou yon estimasyon de lè yo ap pase pran ou a

- Trajè avèk Waters Car Services: Oudwe rele (443) 614-9829 avan 1è PM nan jou ouvrab avan randevou ou a
- Trajè avèk Sure Medical Transportation: Ou DWE rele nan (410) 430-6894 avan 1è PM nan jou ouvrab avan randevou ou a
- Trajè avèk Taxi Taxi: Oudwe rele (410) 289-8989 avan 1è PM nan jou ouvrab avan randevou ou a
- Trajè avèk AAA Transport: Oudwe rele nan (410) 663-2012 avan Midi nan jou ouvrab avan randevou ou a